



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIS FINALIS YO SELEKSYONE YO POU PATISIPE  
NAN KONPETISYON GENIUS NY II A NAN NEW YORK SANTRAL**

***Pwogram san parèy sa a kontinye atire konpayi ki sòti toupatou nan lemond nan  
New York Santral.***

***GENIUS NY II ap kontinye pwogrè CNY Rising lan – ki se estrateji global rejyon  
an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sis finalis yo seleksyone yo pou patisipe nan dezyèm tou GENIUS NY la - youn nan pi gwo konpetisyon biznis nan lemond ki konsantre sou sistèm san pilòt, platfòm entèkonekte ak lòt sektè ki baze sou teknoloji. Akseleratè biznis sa a ankadre antreprenè ak biznis ki fèk kòmanse ki konsantre sou sistèm san pilòt, materyèl, lojisyèl ak analiz. Pwogram nan pwal investi prèske 3 milyon dola nan sis konpayi finalis, sa gen ladan twa gran pri ki estime a jiska 1 milyon dola, 600,000 dola ak 400,000 dola. Pwogram nan, ki sou administrasyon Tech Garden ak CenterState CEO nan Syracuse, ofri tou alokasyon konpayi, lojman, resous, pwogram ak opòtinite fè kontak. Patisipan yo oblije opere biznis yo nan New York Santral pandan omwen yon lane.

“Konpetisyon GENIUS NY la kontinye ap transfòme peyizaj ekonomik New York Santral la nan atire nouvo jenerasyon antreprenè ki nan sektè 21yèm syèk trè enteresan sa a pou yo vini epi plante rasin nan rejyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou investi nan biznis sistèm ayeryen san pilòt sa yo, nou kapab garanti New York ap rete yon lidè nan endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt (Unmanned Aerial Systems, UAS) k ap boujonnen an, epi ki nan kè plan CNY Rising lan. Mwen fè finalis dezyèm tou yo konpliman.”

“Gouvènè Cuomo pran angajman investi nan avni New York kòm lidè nan ekonomi teknoloji ak inovasyon an”, **Gouvènè Adjwen Hochul te deklare.** “Jodi a, pandan n ap anonse finalis ki seleksyone yo pou patisipe nan dezyèm tou konpetisyon akseleratè biznis GENIUS NY la, nou mete sis lòt konpay an pozisyon pou yo grandi epi investi nan ekonomi lokal la. Se youn nan pi gran konpetisyon biznis nan lemond ki konsantre sou sistèm san pilòt ak sektè teknoloji a, epi l ap fèt isit la menm nan New York Santral.”

Pami sis finalis ki seleksyone yo pou patisipe nan 2yèm Tou GENIUS NY la, gen yon ekip entènasyonal, youn ki gen yon fi kòm ko-fondatè, epi youn ki sòti nan New York Santral.

### Men sis finalis ki seleksyone yo:

- **Dropcopter** (California) se yon jèn konpayi teknoloji agrikòl ki devlope yon teknoloji k ap tann patant ki pou pèmèt agrikiltè yo polinize chan pye pòm yo gras a dwòn. Poutèt jan popilasyon abèy la diminye dènyèman an pri polinizasyon yo ogmante anpil, sa ki kreye yon mache atiran pou teknoloji altènatif tankou Dropcopter.
- **Fotokite** (Swis) konbine wobotik ayeryen ak teryen avèk algorit kontwol vòl patante pou kreye yon sistèm dwòn ki tache tankou kap, ki sèvi avèk kòd la aktivman pou vole pandan 24 èdtan yon fason konplètman otonòm.
- **Precision Vision** (New Mexico) kreye teknoloji tretman imaj ki fè imajri presizyon an tan reyèl ak reyalite bon mache. Imajri presizyon an jwenn chak piksèl nan yon kote referans an 2 oswa an 3 dimansyon nan chak imaj. Konpayi an gen lojisye san parèy ak konesans pou ofri imajri presizyon an tan reyèl epi a pri abòdab pou ouvè nouvo mache.
- **Quantify** (Michigan) se yon solisyon Entènèt Bagay (Internet-of-Things, IoT) ki senplifye epi redui kou etid pakin ak sikilasyon nan mete ansanm UAS, vizyon atifisyèl, ak analiz epi konsa elimine erè imen, redui danje, epi santralize done ki rekòlte yo. Se yo ki premye sou mache a, epi solisyon yo a vize pou li vin aplikasyon pafè a pou planifikatè iben ki konsantre sou aplikasyon pou vil entelijan ak dirabilite.
- **TruWeather** (Virginia) ap bati yon sèvis pou amelyore presizyon, egzaktitud ak kominikasyon ransèyman meteyo espesyalman pou antrepriz UAV. Yo pral devlope, komèsyalize epi fè maketin Sèvis Jesyon Danje Meteyowolojik pou operasyon Veyikil Ayeryen San Pilòt (Unmanned Aerial Vehicle, UAV) Pi Lwen Pase Liy Vizyèl la (Beyond-Line-of-Sight, BLOS) epi ofri li kòm yon biznis SaaS.
- **UsPLM** (Syracuse) ofri yon anviwònman kolaborasyon pou tout pati enterese yo kapab devlope, teste, deplwaye, epi opere san danje yon sèl oswa yon flòt UAS. UsPLM kapab entegre teknoloji UAS, Entènèt Bagay (IoT) ak Jesyon Sik Vi Pwodui (Product Lifecycle Management, PLM) yo, sa ki manke nan ekosistèm UAS ki la kounye a.

An Mas, faz inisyal GENIUS NY la te akòde sis finalis yon total 2.75 milyon dola, sa gen ladan premye pri 1 milyon dola a, ki te akòde bay AutoModality, ki se yon ekip ki soti California ki devwe a kreyasyon sistèm mobil otonòm ki ka santi, eksplòre ak analize lemond ki antoure nou an. Kounye a konpayi an konsantre sou enspeksyon resous agrikilti ak enfastrikti.

Gen yon dènye aktivite agimantè ki te fèt jodi a pou ekip premye tou yo. Aktivite Selebrasyon Inovasyon an (Innovation Celebration) ki te fèt nan CNY Biotech Accelerator nan Syracuse te rasanble investisè, lidè kominote ak kolaboratè nan pwogram nan ki sòti nan nò New York. Lè premye tou a ap fini pi ta mwa sa a, kat nan sis ekip yo ap rete nan Syracuse pou kontinye opere epi devlope.

**Rob Simpson, ki se Prezidan CenterState CEO ak Ko-Prezidan Konsèy sou Devlopman Ekonomik Rejyon Santral New York la (Central New York Regional Economic Development Council), te deklare,** “Jiskaprezan pwogram sa a atenn de bi enpòtan; ofri resous ki nesèsè yo pou jèn konpayi ki gen anpil potansyèl nan sektè UAS la devlope nan New York Santral epi pou yo vle rete, epi fè rejyon an vanse nan pwofil li kòm lidè endistri a. Nou konnen nou gen kapasite atire epi mennen kwasans nouvo konpayi nan sektè sa a epi nou pa ka tann pou nou repwodui reyisit sa a nan dezyèm tou pwogram nan”.

**Dtè. Danielle Laraque-Arena, Prezidan SUNY Upstate Medical University ak Ko-prezidan Konsèy sou Devlopman Ekonomik Rejyon Santral New York la, te deklare,** “Akseleratè GENIUS NY la ofri antreprenè ki pran devan yo nan endistri sistèm ayeryen san pilòt la ankadreman san parèy. Pwogram nan atire fim kalite siperyè ki pral san dout mennen nouvo inovasyon nan endistri a epi soutni ekonomi rejyonal nou an jan sa prezante nan plan lokal CNY Rising lan”.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Konpetisyon GENIUS NY la ap trase chimen pou ede garanti konpayi UAS ki oryante sou lavni yo ap rete nan New York Santral, kreye djòb, epi tabli rejyon an kòm yon sant global pou nouvo teknoloji”.

**Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te di,** “Gras a angajman Gouvènè Cuomo nan rejyon an, Konte Onondaga ap kontinye tabli pozisyon li nan ekonomi mondyal la kòm yon referans pou endistri UAS la. Menm jan ak pou premye tou GENIUS NY la, nou pa ka tann pou nou ankadre gwoup finalis plen talan sa yo avèk resous yo bezwen yo pou reyisit alontèm nan New York Santral”.

**Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente, Jr., te deklare,** “GENIUS NY sèvi kòm akseleratè pou kwasans nan Anplasan Tès UAS Konte Oneida a nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss la (Griffiss International Airport) nan pouse nouvo inovasyon biznis nan Koridò UAS New York Santral la. Mwen sèten seri finalis ane sa a pral kontinye nan tradisyon sa a, epi pote gwo avantaj pou non sèlman konte a ak kolaboratè nou yo nan CenterState CEO, men epitou nan tout Eta New York la, pandan n ap travay ansanm pou fè endistri a vanse”.

**Vis-Prezidan Inovasyon ak Antreprenarya CenterState CEO a Rick Clonan te deklare,** “Nou pral pran leson nou aprann nan premye tou pwogram sa a epi aplike yo nan dezyèm tou pwogram nan pou amelyore opòtinite ak ankadreman nou kapab ofri konpayi sa yo. Mwen fyè anpil reyisit chak nan ekip yo nan premye tou a epi nou pral kontinye ede mete yo an kontak avèk zouti yo bezwen yo pou devlope epi an menm tan kòmanse pwosesis la avèk dezyèm tou a. Pandan n ap fè sa nou pral kreye yon ekosistèm ankadreman sible pou konpayi sa yo ki pi solid toujou”.

**Majò Jeneral Marke Gibson, Prezidan-Direktè Jeneral NUAIR Alliance te deklare,** “Pwogram sa a sèvi kòm yon eleman enpòtan nan travay nou an pou vanse devlopman ak soutyen pou rechèch konpayi k ap chèche devlope nan sektè UAS la nan rejyon sa a. Nou pa ka tann travay avèk sis nouvo ekip yo epi ba yo aksè a kèk nan lokal tè ki pi avanse nan lemond yo pou sistèm UAS. Menm jan an, nou pral kontinye ankadre devlopman konpayi premye tou yo epi ede yo atenn pwochen nivo reyisit la isit la nan rejyon an”.

Pwogram GENIUS NY la apiye sou pwogrè Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta New York (Upstate Revitalization Initiative, URI) CNY Rising lan, ki mande gwo investisman nan endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt la nan New York Santral. An Novanm 2016, Gouvènè Cuomo [te anonse 30 milyon dola](#) nan fon URI la te pral investi pou devlope yon sistèm jesyon sikilasyon ayeryen ki kouvri yon distans 80 kilomèt ant Syracuse ak Ayewopò Entènasyonal Griffiss la nan Rome pou fè vanse endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt la k ap boujonnen nan New York Santral. Nan lespas koridò ki kouvri distans 80 kilomèt sa a, gen investisman estratejik ki pral akselere kwasans endistri a lè yo sipòte itilizasyon Sistèm Ayewonèf San Pilòt ki fenk ap parèt yo epi ki fondamantal pou endistri New York Santral la yo, ki gen ladan yo jesyon agrikilti ak forè, transpò ak lojistik, devlopman laprès ak fim, itilite ak enfrastrikti yo, ak sekirite piblik. Gran investisman siyifikatif URI la swiv [angajman 5 milyon dola pou 1e Faz la](#) epi li kontinye angajman solid Eta pran anvè devlopman endistri UAS la nan Rejyon Santral ak Nò New York yo.

Pou plis enfòmasyon sou GENIUS NY vizite [www.geniusny.com](http://www.geniusny.com).

### **Enfòmasyon sou Central NY Rising**

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Inisyativ la konsantre sou kapitalizasyon opòtinite mache global la yo, ranfòseman antreprenarya ak kreyasyon yon ekonomi enkliziv. Eta a te deja investi prèske 3 milya dola nan rejyon an depi 2012 pou poze fondasyon pou plan ki gen ladan investisman nan endistri sistèm ayeryen k ap boujonnen an yo. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak revni konpayi yo bese; epi nan konsa, biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Inisyativ Revitalizasyon Nò New York “Central NY Rising” 500 milyon dola Gouvènè Cuomo te anonse an desanm 2015 lan pral bay biznis prive yo prim ankourajman pou yo investi plis pase 2.5 milya dola - epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreye jiska 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###